


ISSN 0207-6551

# ДИ САБИЙ ДЫГЪЭ-ЩЫГЪЭХЭ!

Удз гъэгъа цIыкIум псы щIакIэурэ зэрыхагъахъуэм хуэдэу фэри фыдгъасэурэ фыхохъуэ. Фэр нэхъ губзыгъэ, нэхъ дахэ, нэхъ ехъулIэ, нэхъ къулей щымыIэми, фымыгъэсамэ, зэи фэфI къываплъынукъым. Гъэсэныгъэми пIалъэ иIэщ. Иджыпсту зыхэвмылъхьэр иужькIэ къыфхуэщтэжынукъым. Дэ мы журналым гурэ-псэкIэ долэжь, къыдэкIыгъуэ къэскIэ фи гупсысэмрэ хьэл-щэнымрэ зыдаужьу дыщыгугъыу. Дыкъэвгъэпэж. ДыкъэвмыгъэукIытэ. Дэ дрогузавэ уэрамым щызэхэтх фи псэлъэкIэм, нэхъыжьым фазэрыхущытым, фазэрыпэпсэлъэжым… Мы напэкIуэцIыр сэ фхузэхэслъхьащ. «Нурым» и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэм дэлъынущ тхылъ цIыкIу, ари гъэсэныгъэм теухуауэ.

**АБРОКЪУЭ Беллэ**

## ГЪЭСЭНЫГЪЭ

**ГЪЭ** САР МЫГЪАСЭМ КЪЫХУОПЛЪЫХ ,
САР МЫГЪАСЭМ ЗЭПЕПЛЪЫХЬ.

**УЭ** НЭХЪЫЖЬЫМ УЕМЫДАУЭ,
УЭ НЭХЪЫЩIЭР ЗЭГЪЭДАIУЭ.

**ПЭЖ** ЖЫЗЫIЭР ЩIЫ ПСЭЛЪЭГЪУ,
ЗИ ГЪУАЗЭР ГЪЭНЫБЖЬЭГЪУ.

**ЦIЫ** ХУМ ХУЭПЩIЭР УМЫIУАТЭ,
ХУМ И ПЩIЭР ХЫУМЫУТЭ.

**НЭ** ХЪЫЖЬЫМ ЖЬАУЭ ЗЫХУИЩIМЭ,
ХЪЫЩIЭР ХЪУНУЩ ЖЫIЭЩIЭ.

**ФIЫ** МРЭ ЕМРЭ ЗЭХЭГЪЭКI,
Р КЪЫХЭХИ ЕР БЛЭГЪЭКI.

**IУ** ЩЫР ЩЭХУУ IУАЩХЬЭМ ДОКI,
ЛЭР ЛЕЙУЭ ПАБЖЬЭМ ПХОКI...

**ГУ** РЫХУЭМ ХИЩIА ЖЫЛЭР
БЗЫГЪЭМ И ЩХЬЭМЫЖЩ.

**ЩIЭ** НЫГЪЭМ ХУЭПЛЪЭР ДОКI ЛЪАГАПIЭ,
ИНЫМ ПЭПЛЪЭР ТЕТЩ ЩЫХУПIЭ.

**ЩХЬЭ** ЩЭМ УИ ПКЪЫР ИРЕГЪЭШ,
ЩЭМ УИ ПЩIЭМ ЗЫДЕГЪЭШ.

**ФЭ** РЫЩI ПСАЛЪЭМ И ФЭР ФЭФIЩ,
РЫЩI ПСАЛЪЭМ И КУР НЭФЩ.

**ФА** ФIЭМ ФIЭПЩУ ФIЭРАФIЭ
ДЖЭМ ФIУМЫЩ ФЕЙЦЕЙ.

**IЭ** ПЩIЭЛЪАПЩIЭМ И ПЩIЭР ЛЪАГЭЩ,
ПЩЭ БЛАНЭМ И ЩХЬЭР ПАГЭЩ.

**БЗУ** УЭ УИ IУМ БЗЭР ЩЫГЪАБЗЭ,
УЭ УИ БЗЭР ГЪЭБЗЭРАБЗЭ

*БЭЧБО-ШЫПШ Залинэ*

# СЫХУЕЙТ СОСРЫКЪУЭ СРЕЩХЬЫНУ

Сощlэж, иджыри сэ сыцlыкlуу,
Нарт хъыбарыжьхэр къысхуаlуатэрт.
Нэхъыфlу слъагъу нарт Сосрыкъуэ
И лlыгъэм куэдрэ срипагэрт.

Сыдихьэхауэ и хъыбархэм
Сэ махуэ къэси седэlуэфырт.
Хэздзауэ си анэри бэлыхьым,
Къытригъэзэжурэ къеджэфырт.

Таурыхъым жиlэрт Сосрыкъуэ
Абрэмывэшхуэм къыхахауэ,
Сэтэней гуащэ и къуэ закъуэм
И фэгъу цlыху бланэ къамылъхуауэ.

Жьэражьэу пщтыр а сабий цlынэм
Уемыlусэфу lэр писыкlт.
Гузасэ анэм ар и бгъафэм
Щlилъхьэну ауи хулъэмыкlт.



Нарт лъэпкъым яlэт гъукlэ щlалэ,
Зэреджэр лlыфlым цlыхухэр Лъэпщт.
Къыпхуэмыбжынт щlилъхьар шы налу,
Ар lэщэ щlынкlи псом нэхъ лъэщт.

Ищlэнур анэм къыхуэмыщlэу,
Лъэlуакlуэ Лъэпщ и деж ар кlуащ.
Сабий жьэражьэм емылlалlэу,
Лъэпщ къуршыпс жэрым ар хиlуащ.

Къыхихуу бахъэр Сосрыкъуэ,
Псы щlыlэм ар дэупщlыlуащ.
И фlэщ мыхъужу Сэтэнейми,
Хъуэхъу дахэ жиlэу ежьэжащ.

Хэхъуауэ махуэ къэс къэушырт,
Сосрыкъуэ зым зыкъыпимышэт.
Губжьауэ идзмэ, мывэр щащэрт.
Къыфlаща и цlэри хуэфащэт.

Сфlэфlыпст абы сэ зезгъэщхьыну,
Сосрыкъуэ и цlэр къысфlащыну.
Си закъуэу си щхьэр згъэджэгужырт,
Сыпелуан зыкъысщыхъужырт.

Къыхэщlыкlауэ пхъэм къамэшхуэ,
Згъэдалъэу, си бгым кlэрыщlат.
Къыlурызгъэхуу бзий мафlэшхуэ,
Сыджэгуу, благъуэм сезэуат!

Сыхъуну сфlэщlырт сэри бланэ,
Иныжь нэ закъуэм сытекlуэфт!
Шы жэрым хуэдэу, си лъэр жану
Нартхэ я мафlэр къэсхьыжыфт!

...Блэкlащ илъэсхэр куэду, кlуэду,
Балигъ сыдэхъуу гъэхэр кlуащ.
Си гушхуэныгъэр сфlэмыкlуэду
Сопсэу. Таурыхъым лlы сищlащ!

*28.08.2019 г.*




## ШЫДЫМ И ЩХЬЭР ЕГЪЕИЖ

Бгы щыгум зы жэмрэ зы шыдрэ щыхъуакIуэрт. Жэмыр ехъуэрэхъуэкIыурэ бгыщыхум щхьэщыхьащ. Шыдым ар зэрилъагъуу къэгъуэгащ:

– Ай-а-а-а-а, йа-а-а-а, а щыхупIэм уехуэхынурэ уиукIынущ!

– Уэракъым иукIынур, сэращ. УщIэкIийр сыт? – жьэгъуашхэу къыхуоплъэкI жэмыр.

– Уэле, уэ уиукIкIэ сэ сымыгузавэт, ауэ а къуэ куу фIейм уэ хьэлъэжьыр удэхуэмэ, сэ укъыдызагъэлъэфыжынущи, мис аращ згъейр! – къыпидзыжащ шыдым.



## ПЦIЫУПСЫР КЪАУМЫС

– Дыгъуасэ мэзым дыгъужьищэ щыслъэгъуащ, – жеIэ Хьэтыхъу.

– Д-р-р-р! ЩIумыгъатхъэт иджы, къуэш! – зэщIодыхьэшхэ гупыр. – Дыгъужьищэ зэщIыгъуу дунейм зыми щилъэгъуакъым.

– Тхьэ соIуэ, щэ мыхъуми, щэ някъуэ хъунтэм! – и нэр яхуегъэцIуу Хьэтыхъу.

– Делагъэ жумыIэ, зо! Дыгъужь щэ някъуэ щIэскъым ди мэзым,– ауаныщIу пагъэщхъ и псалъэр.

– Сыт фыщIэдыхьэшхыр? Тхьэ фхуэсIуэнщ, щэ някъуэ мыхъуми, тIощIрэ пщIырэ хъунтэм!

– КIэрыгъэху, Хьэтыхъу, апхуэдиз зэгъусэу хэт илъэгъуа? – къыхуадэркъым ари.

– Уэлэхьи, зы мыхъуам, дыгъужьипщI хъунтэм.

– ПцIыщ, Хьэтыхъу, кIэрыгъэху иджыри.

– Хэт-тIэ а пабжьэр къэзыгъэсысар? – жиIащ Хьэтыхъу.

Зыгъэхьэзырар
***ХЬЭЛИЛЭ Миланэщ***

# ЩАКIУЭБЗЭР СЫТ ЗИЩIЫСЫР?

*Пасэрей адыгэбзэр дахэт, куут, гъэщIэрэщIат икIи… бзыщIат. «Бзэр дауэ зэрубзыщIынур?» – жыфIэнщ. Апхуэдэу щIэупщIэхэр фегупсысыт мы псалъэхэм къарыкIым: цIэимыIуэ, цIэ лей, щIагъыбзэ, бзыщIа, щакIуэбзэ, зекIуэбзэ. ЦIэ лей зыфIащыр цIыхум и закъуэтэкъым, атIэ псэущхьэхэми цIэ лей я куэдт. Абы щыхьэт тохъуэ щакIуэбзэр. А темэ гъэщIэгъуэным и гугъу къытхуищIу «Нурым» къытхуеблэгъащ щIэныгъэлI* ***МЭРЗЕЙ Аслъэн.***

Пасэрей адыгэм щэкIуэным ехьэлIа Iуэхугъуэ псори щIагъыбзэкIэ яIуатэрт, хьэкIэкхъуэкIэхэм я цIэ дыдэхэри цIэ лейкIэ зэрахъуэкIырт. Ар къызыхэкIыр, щIэныгъэлIхэм зэралъытэмкIэ, псэущхьэхэми цIыхубзэ зэхащIыкIыу къазэрыщыхъурт. УзэщакIуэм уэ жыпIэр зэхихрэ къыгурыIуэмэ, дауи, зигъэпщкIунут. Ар уэ къыпхуэукIыжынутэкъым. Арат щакIуэхэр щIыхуимытыр хьэкIэкхъуэкIэм я цIэр къраIуэну. Абы и мызакъуэу, цIэ имыIуэныр къыхэкIыу ялъытэрт шынэм. *(«Дыгъужь» зэ жыпIэхукIэ, – зэ къопкIэри абы и цIэр жывмыIэ, – ягъэIущт сабийхэр. Абы «мэзыхьэ», «губгъуэхьэ» хужаIэрт).* Дунейм и къэхъугъэхэмрэ *(щыблэм, уафэгъуагъуэм, уэшхым)*, псэ зыIут псэущхьэхэмрэ я зэран цIыхум къемыкIын щхьэкIэ, ахэр къызэрыдахьэхын, къызэрагъэпцIэн, е зэрыIуагъэщтын яужь итхэт.

ЩакIуэбзэр къэзыгъэсэбэпу щытар щакIуэхэм я закъуэкъым. Ари темэ гъэщIэгъуэнщ. Абыи и гугъу фхуэтщIынущ.

***Бгъэжьнокъуэ Барэсбий и тхылъ «Очерки этнографии общения адыгов» къэзгъэсэбэпащ.***

**Уэгупщащэ – тхьэрыкъуэ – голубь**

**Вындыжь – къуаргъ – ворона**

**ПщэкIыхь – къру – журавль**

**ЦIэиIуэ – кIыгуугу – кукушка**

**Пшэрыхь, гъуабжэ-адэжынэ – коростель**

**ПIащэ – дудакъ – дрофа**

**Къуаншэ – бгъэ – орел**

**Лъэбыкъ – бабыщ – утка**

**Пщэпсыгъуэ – къаз – гусь**

**Плъыр – жьынду – сова**

**ПхъащIэ жыгыуIу – дятел**

**Бгъэгуху – пцIащхъуэ – ласточка**

**Гъатхэпежьэ – бжэндэхъу – скворец**

**Къуацэхэс – мэзджэд – фазан**





Зыгъэхьэзырар
**УЭЛДЖЫР *Аринэщ***

# Мультфильм цӀэрыӀуэхэр – адыгэбзэкӀэ

*Дуней псом щыцӀэрыӀуэ мультфильмхэр адыгэбзэкӀэ къэзыгъэпсалъэ «Къэрэкъан» телестудием ди сабийхэр къегъафӀэ! Ар зыгъэлажьэ **КЪУЩХЬЭ Оксанэ** «Нурым» и хьэщӀэщ.*

**– Оксанэ, фи студиер 2001 гъэ лъандэрэ мэлажьэ. Адыгэ журнал цӀыкӀум еджэ сабийхэм сыт яхуэпӀуэтэн фи лэжьыгъэм теухуауэ?**

– Сабий кино, мультфильм адыгэбзэкӀэ дызэримыӀэм къыхэкӀыу, абы яхуэгъэзауэ дунейм къыщыдэкӀым я нэхъыфӀыр, нэхъ цӀэрыӀуэр адыгэбзэм къидгъэзэгъэн хуей мэхъу. Телевизорымрэ телефонымрэ псынщӀэу къэзыпхъуатэ нобэрей сабийм анэдэлъхубзэр яӀурызылъхьэ ӀэмалыфӀщ ар.

**– АдыгэбзэкӀэ къэвгъэпсэлъа таурыхъхэр «Нурым» еджэ цӀыкӀухэм ящӀэну щхьэпэт: ямылъэгъуам еплъынт, ямыӀэр зыӀэрагъэхьэнт.**

– Телевиденэм и режиссёр ***Тхьэгъэзит Руслан*** и гъусэу 2006 гъэм япэ дыдэу адыгэбзэкӀэ дунейм къытедгъэхьащ Голливуд къыщыдэкӀа **«Питер Пен»** мультфильмыр. Ар цӀыхум ягу ирихьауэ куэд щӀэупщӀэрт. Абы дытригъэгушхуэри а зэманым нэхъ цӀэрыӀуэ дыдэу щыта таурыхъ **«Шрек 1»**-р 2006 гъэм ***Ӏутӏыж Борис*** зэридзэкӀауэ, 2009 гъэм **«Шрек 2»**-р ***Къаныкъуэ Заринэ*** зэридзэкӀауэ къакӀэлъыкӀуащ. Абы иужькӀэ 2010 гъэм ӀуэрыӀуатэм щыщ таурыхъхэр щызыхуэхьэса **«Нарт Хэку»** аудио дискиплӀыр дунейм къытедгъэхьащ.

**– Сенатор Къэжэр Альберт 2011 гъэм къызэригъэпэща «Адыгэ» фондым фыдэлэжьатэкъэ?**

– Дыдэлэжьащ. «Адыгэхэр» фондымрэ ди ӀуэхущӀапӀэмрэ дызэщӀыгъуу сабийхэр нэхъ зыщӀэупщӀэ мультфильмхэр дунейм къытедгъэхьащ: ***Аброкъуэ Бэллэ*** зэридзэкӀауэ **«Ледниковый период – 3», «Спирит», «Рапунцель», *Думэн Мурэдин*** адыгэбзэ ищӀа **«Храбрая сердцем», *Лъостэн Музэ*** зэридзэкӀа **«Король Лев – 1»**.



**– Мультфильм зэдзэкӏыным пыфщэрэ иджыри?**

– Иджыблагъэ къыдэдгъэкӏащ къэрал 60-м щӏэупщӏэ щызиӏэ **«Смешарики»** мультфильмым щыщу Думэн Мурэдинрэ (*къыдэкӏыгъуих)* Лъостэн Музэрэ *(къыдэкӏыгъуитӏ)* адыгэбзэ зыщӏалъхьахэр. Дэӏэпыкъуэгъу диӏэу, зи школ кӏуэгъуэ мыхъуахэмрэ пэщӏэдзэ классхэм щеджэхэмрэ зезыгъэужь **«Тини Лав»** лэжьыгъэ щхьэпэр Думэн Мурэдин зэридзэкӏауэ къыдэдгъэкӏащ. Уэрэдхэмкӏэ гъэнщӏа а къыдэкӏыгъуэ щӏэщыгъуэхэр цӏыкӏухэм сэбэп яхуэхъунущ бжыгъэхэм, плъыфэхэм, псэущхьэхэм, удз гъэгъахэм я цӏэхэр зэрагъэщӏэнымкӏэ.

**– Оксанэ, мультсериалхэм хэт лӏыхъужьхэр адыгэбзэкӏэ къэзыгъэпсалъэхэр хэт сымэ?**

– Мультсериалхэм псалъэхэмрэ уэрэдхэмрэ щӏэзылъхьэр ди театрхэм я артистхэрщ. А лэжьыгъэхэм я гуащӏэ хэлъщ Быдэ Хьэсэн, Къэжэр Борис, Батыр Мухьэдин, Балъкъэр Юрий, Къардэн Радик, Мысост Вадим, Хьэмыку Жаннэ, Хьэщэ Къанщобий, Кӏэмыргуей Валентин, Щэрмэт Людэ, Къумахуэ Мухьэдин, Тэмазэ Лиуан, Жьакӏэмыхъу Кӏунэ, Тӏымыжь Вэлодэ, Кӏэбышэ Ахьед, Къардэн Заур, Тхьэщыгъуей Жаннэ, Хьэмырзэ Ахьмэд, Кӏэхумахуэ Фатӏимэ, Балъкъыз Валерэ, Шал Хъусен, Мэкъуауэ Фатӏимэ, Бейтыгъуэн Жамболэт, Безыр Юрий, Теунэ Джэмал, Бэрэгъун Марьянэ, Бэрбэч Амырхъан, Къашыргъэ Мурат, Мамхэгъ Иннэ, Багъ Любэ, Быдэ Темболэт, Кӏэмыргуей Адисэ сымэ, нэгъуэщӏхэми. Къищынэмыщӏауэ, сабийхэмрэ ныбжьыщӏэхэмрэ я зэфӏэкӏи абы щагъэлъэгъуащ. Ахэр Бжэныкӏэ Ахьмэд, Бейтыгъуэн Росинэ, Бэрбэч Амырхъан. Къыхэзгъэщынут язынықъуэ лэжьыгъэхэм субтитрхэр адыгэбзэкӏэ зэрытеддзар.

**– Адыгэ мультфильмхэр сабийхэм дэнэ къыщагъуэтыфыну?**

– **«Адыгэ»** фондым и сайтми, ди студием и **UouTube** каналми щеплъыфынущ. Ди лэжьыгъэхэр интернетым илъщ, диск тету тщакъым.

**– Щӏэблэм анэдэлъхубзэр егъэщӏэным, ди бзэр ящымыгъэгъупщэным лэжьыгъэфӏ зэрыхуэвлэжьыр гуапэщ, Оксанэ! Фи зэфӏэкӏым дяпэкӏи хэвгъэхъуэну, ехъулӏэныгъэхэр фиӏэу сабийхэр куэдрэ вгъэгуфӏэну!**

Епсэлъар ***ТЕКӀУЖЬ Заретэщ***



# УИ ЗЭМАНЫР ЗЭХУЭГЪЭХЪУ, УИ ЛЭЖЬЫГЪЭР ЗЭГЪЭЗАХУЭ

«Time – management» щыщу чэнджэщибгъу



**1. Пщэдейрей махуэр нытщхьэбэ убзыху.** Уи Iуэхухэр зэкIэлъыхь: щIэныгъэм хогъахъуэ; къалэнхэр уогъэзащIэ; уоджэгу. Къалэнхэр куэдыIуэ пфIэхъуамэ, нэхъыщхьэр япэ игъэщ.

! Зытегъэунымрэ джэгунымрэ гу лъумытэххэу уи зэманыр щахь щыIэщ.Сакъ.

**2. Зыхуэбгъэувыж къалэнхэр Iупщlу, зэхэдзауэ, пыухыкIауэ щытын хуейщ.** Унэ лэжьыгъэм япэ ибгъэщынур пщIэуэ утIысын хуейщ. «ФIыуэ седжэнщ» жумыIэу, «нобэ мы усэр зэзмыгъащIэу хъункъым» жыIэ.



! «Тху» къэпхьыным упымылъу «щы» къэпхьар «плIы» зэрыпщIыжыным егугъу.

**3. Нэхъыщхьэр япэ игъэщ.** Нэхъыщхьэр – нэхъапэ итыращ! Пщэдей есэпымкIэ къэпщытэныгъэ лэжьыгъэ уиIэу, пщэдеймыщкIэ хъуху гукIэ зэбгъащIэ хъуну усэр япэ иумыгъэщ.



**4. Уи Iуэху зехьэкIэ Iэмалыр уэ къыхэхыж.** Сыт хуэдэ Iуэхум дапхуэдиз зэман тебгъэкIуэдэнуми пщIэн хуейщ. Абы папщIэкIэ зыпцIыхужын хуейщ: уэгунэбзухэр *(жаворонки)* жьырытэджщ, жьындухэр *(совы)* жейнэдщ. Узыщыщыр къэпщIа иужь нэхъыфIу ущылэжьэфыну сыхьэт бжыгъэхэр къыбгурыIуэжынущ.

**5. Уи гупсысэр узыхуейм тебухуэфу зыгъасэ.** Апхуэдэу «зызэщIэзыкъуэф» цIыхур псынщIэу, кууэ, игу хэхъуэу мэлажьэ икIи йохъулIэ. А лэжьыгъэм зэран хуэхъуу хъуар лъэныкъуэ егъэз: телефоныр, телевизорыр, щхьэгъубжэ зэIухар, псалъэмакъхэр…



! Сыхьэт ныкъуэкIэ уи гур етауэ улажьэмэ, нэхъыбэ пхуэзэфIэкIынущ сыхьэтитIкIэ ууэршэру, макъамэ укъыпыдэIукIыу ущыс нэхърэ. Уи зэманым щысхь.



**6. Блэжьын хуей Iуэхум удэзыхьэхыу хэлъыр къыхэгъуатэ** *(Мотивация)*. Дауи, есэпым удимыхьэхмэ абыкIэ къуата лэжьыгъэм укIэрысыну ухуеинукъым, ауэ, зыхэгъэзыхьыжи, а унэ лэжьыгъэхэм уигу хэгъэхьэ. Егупсыс ар къыпщхьэпэжынкIэ зэрыхъунум, абы уи гупсысэкIэми къэухьми зэрызыдиужьым. КъыумыхъулIэмэ…

! Хьилагъэ екlуэ. Есэпым хыумыщlыкlыу хъунукъым, ар уощlэ. Уи адэ-анэм ягурыlуэ абыкlэ «тху» къэпхьмэ узыхуей гуэр къыпхуащэхуну. А фlы къыппэщылъым уегупсысу улажьэурэ уигу нэхъ хыхьэнущ, есэпми удихьэхыжынкlэ хъунущ.




7. **lуэхухэр зэблэхъу.** Зы предметым куэдыlуэрэ убгъэдэсмэ утозашэ, уоужэгъу. Щlэщыгъуэ пщыхъун хуэдэу, уи щхьэм згъэгъэпсэху, уи гупсысэм жьы щlегъэху, хьэуа къабзэкlэ бауэ, уи хьэм дэджэгу, шей ефэ…



8. **Къохъулlар къэпщытэж.** Убзыхуа псори мы тхьэмахуэм бгъэзэщlами, абы утету улэжьами, зэблэпхъуурэ зытебгъэуа пэтми, итlани уешауэ, пхузэфlэкlари мащlэу къыпщыхъужмэ, тэмэму зэхыумыгъэувауэ аращ уи къалэнхэр. Егупсысыжи мыхъуар щlэмыхъуар къащlэ, зэгъэзэхуэж.




9. **Зыбгъэпсэхун зэрыхуейр зыщумыгъэгъупщэ.** Лэжьыгъэр пlащlэрыщlэу иухыну еlэу, а lуэхур къехъулlэным егупсысу «зыкърымыгъэлыжу» лажьэ къыфхэтщ, дауи. Апхуэдэхэр фысакъ! Фужэгъуу, фи къарур фухыу зыри фыхуэмейуэ фыхъункlэ хъунущ. Лэжьыгъэ нэужьхэм зывгъэпсэхун зэрыхуейм и мызакъуэу, тхьэмахуэр иуха иужьи хуиту зытевгъэу, фытегупсысыкl, спортыр, хьэщlапlэр, щlэщыгъуагъэр хущхъуэгъуэфl фхуэхъунщ.

## Щlэныгъэ филэну фыхуей?

*Еджакlуэхэм къыфщхьэпэжынщ*

1. **Hashol.com** – мы порталым еджапlэм фызыхурагъаджэ предмету хъуамкlэ чэнджэщ, тхылъ, тхыгъэ щхьэпэхэр къыщывгъуэтынущ.

2. **Lingualeo** – инджылызыбзэр зэзыгъэщlэнухэмкlэ. Пщlэншэуи,пщlэ щlэпту, ауэ нэхъ кууу узэреджэну lэмалитlри иlэщ.

3. **Stellarium** – щlы хъурейр дахащэу уегъэлъагъу, уегъэцlыху. Мыр уасэ зимылэж программэщ щlыуэпсым дихьэххэмкlэ.

4. **ЕШКО** – упэlэщlэу европей курыт еджапlэ ущезыгъаджэ lэмалыфlщ. Диплом къует.

5. **Gostei** – сабий библиотекэ лъэщщ,литературэмкlэ еджапlэм щывдж псори *(1–11 класс)* щывгъуэтынущ. **litra.ru** – сайтми тхакlуэ куэдым я гъащlэ, я къекlуэкlыкlа, ятеухуа, я тхыгъэхэр къыщывгъуэтынущ.

6. **Qramota.ru** – порталым урысыбзэм и пэжырытхэм, абы и хабзэхэм ехьэлlауэ щумыгъуэтын щыlэкъым.

7. **Interneturok** – щlэныгъэ къигъэхъуапlэ телъыджэщ. Щlэныгъэхутэ lэмал куэдкlэ курыт еджапlэм узыщрагъаджэу хъуамкlэ *(1–11 класс)* сыт ухуейми щыбгъуэтынущ.

Зыгъэхьэзырар
***ХЪУЭКlУЭН Фатимэщ***

# БЖЬЫХЬЭ





Зэракъуш Алинэ,
Бахъсэнёнок, едж. 3



Гуэнгъэпщ Эльдар,
Сэрмакъ, едж. 2



Щауэ Заринэ,
Зеикъуэ. едж. 1



Молэ Исмэхьил,
ХьэтIохъущыкъуей Ищхъ., едж. 3



Мэкъо Марат,
Налшык, едж. 2



ЦIыпIынэ Амалие,
Малкэ, едж. 3



Лъэпщ Амир,
ХьэтIохъущыкъуей Ищхъ., едж. 3



Майская Елизавета,
Налшык, едж. 2



Едгъул Лянэ,
Налшык, едж. 2



ЦIЫКIУРАШ

# ЗЫУЖЬ, ЗЫТЕГЪЭУ, ГУПСЫСЭ

**Точкэм деж къыщежьи ибгъукIэ тхам утету клеткэхэм урикIуэурэ... псэущхьэ сурэт пщIынущ.**



1 ижь
4 ищхьэ
1 ижь
1 ищхьэ
1 ижь
1 ищхьэ
3 ижь
3 ищlагъ
5 ижь
6 ищlагъ
1 сэмэгу
2 ищхьэ
1 сэмэгу
2 ищlагъ
1 сэмэгу
2 ищхьэ
2 сэмэгу
2 ищlагъ
1 сэмэгу
2 ищхьэ
1 сэмэгу
2 ищlагъ
1 сэмэгу
5 ищхьэ
1 сэмэгу
3 ищlагъ
2 сэмэгу
1 ищхьэ

**Нагъыщэхэм тет плъыфэхэмк1э сурэтыр лэж.**

| | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 1 | 1 | 1 | | | | | | | | | | | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | | | | | | | | | | | | | | |
| | 1 | 1 | 1 | 1 | | | | | | | 1 | 1 | 1 | 2 | 2 | 2 | 2 | 2 | 2 | 2 | 1 | 1 | | | | | | | | | | | | |
| | | | 1 | 1 | 1 | | | 1 | 1 | 1 | | 2 | 2 | 2 | | | | | 2 | 3 | 3 | | 1 | 1 | 1 | | | | | | | | | |
| | | | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | | | | | 2 | | 2 | 3 | | | | | 2 | 2 | | | | | 1 | 1 | | | | | | | |
| | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 2 | | | 2 | 3 | 3 | | | | | | 2 | 2 | 2 | | | | 1 | 1 | 1 | 1 | | | |
| 1 | | 1 | | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 2 | | | 2 | 3 | 3 | | | | | | | | | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | |
| 1 | | 1 | | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 2 | 2 | 2 | 2 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 2 | 1 | 1 | 1 | 1 | | 4 | | 4 | 4 | 1 |
| | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 2 | 2 | 2 | 1 | 1 | 2 | 1 | 2 | 2 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 2 | 1 | 2 | 2 | 2 | 1 | 1 | | 4 | | 4 | 1 |
| | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 2 | 5 | 2 | 5 | 2 | 1 | 2 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 2 | 2 | 2 | 5 | 2 | 5 | 2 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | |
| | | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 2 | 5 | 2 | 2 | 2 | 5 | 2 | 1 | 2 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 2 | 2 | 5 | 2 | 2 | 2 | 5 | 2 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 |
| | | | 1 | 1 | 1 | 1 | 2 | 5 | 5 | 2 | 5 | 5 | 2 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 1 | 2 | 5 | 5 | 2 | 5 | 5 | 2 | 1 | 1 | 1 | 1 | |
| | | | | | | | 2 | 5 | 2 | 5 | 2 | 5 | 2 | | | | | | | | | | 2 | 5 | 2 | 5 | 2 | 5 | 2 | | | | | |
| | | | | | | | | 2 | 5 | 5 | 5 | 2 | | | | | | | | | | | | 2 | 5 | 5 | 5 | 2 | | | | | | |
| | | | | | | | | | 2 | 2 | 2 | | | | | | | | | | | | | | 2 | 2 | 2 | | | | | | | |

1- 2- 3- 4- 5-

**Щапхъэм тету сурэтхэр пыгъэувэ.**




**Сурэтхэр клеткэ нэщIхэм итхэж (пхузэгъэдзэкIми еплъ).**



Зыгъэхьэзырар
***ХЬЭЛИЛЭ Миланэщ***

*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ*
*«НУР»*
Издается с 1 января 1982 года
№ 10 2020 г.
Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
И. о. главного редактора
*Б. М. АБРОКОВА*
Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*
Компьютерная вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*
Корректор
*Ф. КАШИРГОВА*
Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*
*П. ХАТУЕВ*
Журнал зарегистрирован в управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике.
Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01.2018 г.

Подписано к печати 01.10. 2020 г.
Выход в свет 29.10. 2020 г.
Формат 60x90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC.
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7
Тираж 1430 экз.
Заказ № 2181
Индекс П 5896
Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.
Адрес редакции: 360000, Нальчик, пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
nur.kbr1982@yandex.ru
Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.
Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а
Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.

# Къэбэрдей-Балъкъэрым Информатикэмкіэ институтым щекіуэкі «Псори сщіэну сыхуейщ» зэпеуэм 2019–2020 гъэм щытекіуа еджакіуэхэр


Бекъан Самирэ, МКОУ СОШ № 27, Налшык


Куэцэ Миланэ, МКОУ СОШ № 2, Сэрмакъ


Къардэн Изабеллэ, МКОУ СОШ № 1, Сэрмакъ


Куэцэ Рамиллэ, МКОУ СОШ № 2, Сэрмакъ


Бат Идар, МКОУ СОШ № 2, Сэрмакъ


Жыкъуэ Алихъан, МКОУ СОШ № 2, Сэрмакъ


Шыд Аминэ, МКОУ СОШ № 2, Сэрмакъ


ХъуэкІуэн Хьэжмухьэмэд, МКОУ СОШ № 1, Сэрмакъ


Къуэжакъ Аминэ, МКОУ СОШ № 4, Исльэмей


Нэхущ Дианэ, МКОУ СОШ № 3, ХьэтІокъуэщыкъуей Ищхъ.


Ульбашевэ Наиля, МКОУ СОШ, Хьэбэз


Хьэх Аминат, МКОУ СОШ № 4, Исльэмей


Жанджэрий Динарэ, МКОУ СОШ, Шордакъ


Мырзэкъан Эльвирэ, МКОУ СОШ № 1, Къармэхьэблэ


Тенджыз Беллэ, МКОУ СОШ № 2, Куба

## 2020-Нур

### ЩІышылэ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
| 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 |
| 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | | |

### Мазае

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 1 | 2 |
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | |

### Гъатхэпэ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | 1 |
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |
| 30 | 31 | | | | | |

### Мэлыжьыхь

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
| 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 |
| 27 | 28 | 29 | 30 | | | |

### Накъыгъэ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 1 | 2 | 3 |
| 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 |

### Мэкъуауэгъуэ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |
| 29 | 30 | | | | | |

### Бадзэуэгъуэ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
| 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 |
| 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | | |

### ШыщхьэуІу

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 1 | 2 |
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |
| 31 | | | | | | |

### ФокІадэ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 28 | 29 | 30 | | | | |

### Жэпуэгъуэ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | |

### ЩакІуэгъуэ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | 1 |
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |
| 30 | | | | | | |

### Дыгъэгъазэ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 28 | 29 | 30 | 31 | | | |